

<p><b>ETA New York Règleman konsènan Teknoloji Enfòmasyon</b></p>	<p><b>Nimewo:</b> NYS-P08-005</p>
<p><b>Règleman IT:</b></p> <p>Fason pou Jwenn Aksè nan Enfòmasyon ak Aplikasyon ki Baze sou Sitwèb</p>	<p><b>Dat Dènye Chanjman:</b> 17 Me 2010</p>
	<p><b>Kote yo Pibliye Règleman an:</b> NYS ITS Direktè Sistèm Enfòmasyon Eta Direktè Biwo Sèvis IT <b>Responsab Règleman an:</b> Sèvis Livrezon Aplikasyon</p>

## 1.0 Objektif ak Avantaj Règleman an

Règleman sa a mete kondisyon minimòm anplas pou jwenn aksè pou Enfòmasyon ak Aplikasyon ki baze nan sitwèb epi yo devlope, pwokire, antreteni oswa itilize nan enstitisyon leta yo. Revizyon règleman sa a ranplase tout revizyon ki te fèt anvan yo nan NYS-P08-005, epi ki te sòti anvan nan dat 1ye out 2008. Règleman an pral fè gen yon mendèv leta ki pi konplè nèt, epitou l ap pèmèt sèvis gouvènman an pi disponib pou tout manm piblik la.

## 2.0 Pwotokòl Règleman konsènan IT Antrepriz

Seksyon 2 Dekrè Egzekitif Nimewo 117 bay Direktè Enfòmasyon Eta a, ki sèvi tou kòm direktè Biwo Eta New York pou Teknoloji (NYS Office for Technology), otorite pou sipèvize, dirije epi kowòdone kreyasyon règleman teknoloji enfòmasyon, pwotokòl ak nòm pou gouvènman Eta a, tankou materyèl enfòmasyonik, lojisyèl, sekirite ak restriktirasyon biznis. Ou kapab jwenn detay konsènan otorizasyon sa a nan NYS ITS Policy NYS-P08-002, Otorizasyon pou Kreye Règleman sou Enfòmasyon Antrepriz Leta, Nòm ak Gid.

## 3.0 Aplikasyon Règleman nan

Règleman sa a aplike pou tout enstitisyon gouvènman an Eta a (jan sa defini nan Dekrè Egzekitif Eta New York Nimewo 117) lè yo devlope, pwokire, antreteni oswa itilize Enfòmasyon ak Aplikasyon ki baze nan sitwèb. Règleman sa a baze sou Règ Seksyon Federal 508, Sou-Pati B, seksyon 1194.22 ak Sou-Pati C, seksyon 1194.3, gouvènman federal la te devlope an konfòmite avèk Seksyon 508 Lwa 1973 konsènan Reyabilitasyon (Rehabilitation Act of 1973), selon amannan 29 U.S.C. § 794 (d). Règleman sa a aplike sèlman nan règ ki te anvigè nan moman yo

pibliye règleman sa a. ITS gen dwa pou modifye, ogmante oswa revize, anile règleman sa a oswa mete li nan achiv lè nouvo règ Seksyon 508 la vin anvigè.

## 4.0 Pwotokòl Règleman an

---

Enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan sitwèb dwe respekte sèten kritè pou jwenn aksè (ki endike nan tablo anba la a) gouvènman federal la devlope an konfòmite avèk Seksyon 508 Lwa 1973 konsènan Reyabilitasyon, selon amannman 29 U.S.C. § 794 (d).

Nòm Seksyon 508	
Sou-Pati B, seksyon 1194.22	Enfòmasyon ak Aplikasyon Entranèt ak Entènèt ki baze nan sitwèb
Sou-Pati C, seksyon 1194.31	Kritè pou Pèfòmans Fonksyonèl

### Devlopman Enfòmasyon ak Aplikasyon Endepandan ki baze nan Sitwèb

Nan dat ak apre dat règleman sa a anvigè, tout dokiman demann, kontra ak nenpòt amannman ki egzekite nan dat ak apre dat sa a dwe gen ladan dispozisyon sa a:

*Nenpòt devlopman enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan sitwèb, oswa pwogram yo bay dapre kontra a oswa acha a, ap respekte Règleman NYS-P08-005 konsènan IT Antrepriz Eta New York, Fason pou Jwenn Aksè nan Enfòmasyon ak Aplikasyon ki Baze nan Sitwèb jan règleman sa a ka amande, modifye, oswa anile, ki egzije pou moun andikape yo jwenn aksè nan enfòmasyon ak aplikasyon ki baze sou sitwèb ajans lan. Enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan sitwèb dwe respekte Règleman NYS-P08-005 konsènan IT Antrepriz Eta New York jan sa detèmine nan tèz asirans kalite. Se (non ajans eta a, enstitisyon ki gen kontra oswa lòt) k ap fè tèz asirans kalite a epi rezilta tèz la dwe bay satisfaksyon pou (non ajans eta a) anvan pou yo konsidere enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan sitwèb kòm yon pwodui final dapre kontra a oswa acha a.*

Dispozisyon ki endike anwo a pral aplike tou nan limit yon ajans eta fè kontra avèk yon enstitisyon piblik oswa prive, epi kontra a ap egzije kreyasyon, devlopman, aplikasyon oswa ebèjman enfòmasyon oswa aplikasyon ki baze nan sitwèb sou non, oswa pou, yon ajans leta. Nan yon fason ki espesyal, kondisyon sa a gen ladan soutretans nenpòt sèvis ki idantifye nan pati sa a.

Men, kèk pòsyon yon Entranèt, Entènèt oswa yon ekstranèt ki pa sou kontwòl ajans leta a oswa enstitisyon endepandan an p ap afekte.

## Egzanpsyon

Si lè yo mete enfòmasyon ak aplikasyon espesyal ki baze nan sitwèb disponib annakò avèk règleman sa ta lakòz yon *chanjman enpòtan* nan sèvis, pwogram, oswa aktivite, oswa si sa ta lakòz yon *fado finansye ak administratif egzajere*, done sa yo ka egzante nan règleman sa a. Nenpòt ajans leta ki fè yon detèminasyon *chanjman enpòtan* oswa *fado finansye ak administratif egzajere* anba règleman sa a ap kreye dokiman pou detèminasyon an epi l ap konsève dokiman an. Sizoka gen yon egzanpsyon, *ajans leta* ap idantifye enfòmasyon oswa sèvis ki depannde detèminasyon sou paj sitwèb enpòtan (yo) epi l ap presize lòt kalite metòd pou jwenn enfòmasyon oswa sèvis yo. Pa gen anyen nan règleman sa a ki chanje otorizasyon ak responsablite endepandan yon *ajans leta* genyen pou fè detèminasyon ki reprezante yon *chanjman enpòtan* oswa yon *fado finansye ak administratif egzajere*.

ITS ka mande pou revize nenpòt detèminasyon egzanpsyon nan règleman sa a. Revizyon an ka gen ladan, men pa sèlman, revizyon analiz teknik ak analiz biznis, ak lòt dokiman pwojè, teknoloji oswa sistèm ki depannde règleman sa a oswa nòm ki anvigè yo.

## 5.0 Konfòmite avèk Règleman an

---

Règleman an anvigè nan dat 17 me 2010. Pou asire konfòmite avèk règleman sa a, ajans yo gen obligasyon pou:

- Deziyen yon pwen kontak pou bay aksè nan Enfòmasyon ak Aplikasyon ki baze sou sitwèb.
- Afiche aklè yon lyen “aksesibilite” nan Paj-Akèy ajans lan. Paj lyen an ta dwe endike kimoun pou kontakte pou kesyon konsènan fason pou jwenn aksè nan sitwèb la ak kesyon konsènan fason pou jwenn aksè nan nenpòt lòt aplikasyon ki baze nan sitwèb ki sou kontwòl ajans lan.
- Teste enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan Entranèt ak Entènèt pou konfòmite lè enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan sitwèb vin disponib, epitou teste tout enfòmasyon ak aplikasyon ki deziyen pou piblik la chak ane. Chak peryòd tan, ITS ka mande yon revizyon nenpòt dokiman ak enfòmasyon konsènan kondisyon pou jwenn aksè nan enfòmasyon ak aplikasyon ki baze sou sitwèb ki deziyen pou piblik la, tankou done ki afiche nan sitwèb rezo sosyal yo.
- Bay dokiman pou resi ak repons pou nenpòt ak tout plent konsènan fason pou jwenn aksè nan enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan sitwèb ajans lan. Answit, ajans yo dwe bay dokiman pou egzant kote ajans lan pa konfòme yo avèk règleman sa a akòz “fado egzajere” oswa “chanjman enpòtan” nan kalite enfòmasyon oswa aplikasyon an. Chak peryòd tan, ITS ka mande yon revizyon dokiman sa a.

## 6.0 Definisyon Tèm Enpòtan yo

---

**Enfòmasyon ak aplikasyon ki baze nan sitwèb** vle di nenpòt enfòmasyon oswa aplikasyon moun gen aksè nan yon navigatè sitwèb sou yon rezo tankou *Internet* (Entènèt) oswa yon *intranet* (Entranèt). Tèm nan ka vle di tou yon aplikasyon lojisyèl enfòmasyon ki ebèje nan yon anviwònman ki kontwole avèk yon navigatè oswa ki kode nan yon langaj ki sipòte avèk yon navigatè ki melanje avèk yon [markup language](#) avèk (langaj balizaj) epi ki depannde yon navigatè sitwèb komen pou fè aplikasyon vin executable (reyalizab).

**Chanjman Enpòtan** ap vle di yon gwo chanjman oswa modifikasyon fonksyon enpòtan oswa kalite yon pwogram oswa yon sèvis.

**Fado Finansye oswa Administratif Egzajere** ap vle di gwo difikilte oswa depans. Lè enstitisyon *gouvènman eta* a ap detèmine si yon aksyon ta lakòz yon fado egzajere, yo dwe konsidere tout resous ki disponib pou itilize nan finansman ak operasyon sèvis, pwogram, oswa aktivite.

Yon lis konplè tèm ki defini pou Règleman konsènan Teknoloji Enfòmasyon Eta New York, Nòm ak Gid pou Pi Bon Pratik disponib nan "Glosè Règleman konsènan Teknoloji Enfòmasyon Eta New York, Nòm ak Gid pou Pi Bon Pratik (<http://www.its.ny.gov/policy/glossary.htm>)."

## 7.0 Enfòmasyon pou Kontakte ITS

---

Soumèt tout kesyon ak demann pou fiti amelyorasyon yo ba responsab règleman an nan:

**Responsab Règleman an**  
**Atansyon: Application Delivery Services**  
**New York State Office of the Chief Information Officer and Office for Technology**  
**State Capitol, ESP, P.O. Box 2062**  
**Albany, NY 12220**

Ou kapab voye kesyon yo tou ba Manadjè Relasyon Kliyan ITS nan:

[Customer.Relations@cio.ny.gov](mailto:Customer.Relations@cio.ny.gov)

The State of New York Enterprise IT Policies may be found at the following website:

<http://www.its.ny.gov/tables/technologypolicyindex.htm>

## 8.0 Kalandriye Revizyon ak Lis Revizyon ki Fèt Deja

---

<b>Dat la</b>	<b>Deskripsyon Chanjman an</b>
21 jwen 2004	Piblikasyon Règleman Orijiinal la
25 Oktòb 2006	Revizyon ki fèt pou mete langaj acha epi pou fè ti chanjman nan nòm yo.
1ye Out 2008	Revizyon ki fèt pou fè chanjman nan nòm yo epi pou elimine nenpòt eksepsyon nan règleman an.
14 Janvye 2009	Gid Pi Bon Pratik dapre NYS P08-005, NYS S08-005, ak G06-001 melanje kòm yon sèl dokiman ki gen nimewo NYS P08-005.
27 Janvye 2010	Chanjman te fèt pou konfòmite pou amonize Nòm Reyinyon Lib nan Sitwèb, NYS-S07-001; eliminasyon kalandriye konfòmite nan A.11.1; A.11.2 ak A.11.3. Yo te adopte kalandriye konfòmite a. Chanjman sanblab te fèt pou konfòmite nan Gid pou Pi Bon Pratik.
17 Me 2010	Revizyon te fèt pou ranplase nòm Eta New York ki adapte epi, olye sa, pou amonize avèk Seksyon 508 nòm yo, Sou-pati B, seksyon 1194.22 ak Sou-pati C, seksyon 1194.31.
10 Septanm 2010	Revizyon ki fèt pou montre chanjman nan dat rapòtaj ant 31 mas ak 31 desanm chak ane.
17 Oktòb 2011	Revizyon te fèt nan Seksyon 5.0.
12 Septanm 2011	Re-fòmataj ak chanjman pou montre dènye CIO, non ajans, logo ak estil.
12 Septanm 2014	Revizyon ki pwograme.

## 9.0 Dokiman Konsène yo

---

*Nòm NYS-S07-001 pou Reyinyon Lib nan Sitwèb*